



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIT VAKSINASYON AN MAS NAN ESTAD YANKEE
KI AN DEVLOPMAN**

***Avèk pousantaj pozitivite nan Bronx ki aktyèlman nan anviwon 7.6 pousan, sit la
pral rezève pou rezidan Bronx yo***

***Devlopman sit la posib gras ak yon patenarya avèk Vil New York, SOMOS
Community Care ak Gad Nasyonal New York la***

***Sit nan estad Yankee a pral ranfòse angajman Eta a pou asire jistis ak ekite nan
pwosesis distribisyon vaksen an***

***Gen dis twous vaksinasyon kominotè anplis ki te deplwaye nan Devlopman
Lojman Moun Aje NYCHA yo, Sit Lojman Piblik yo nan Rochester ak Hempstead
ak legliz ak sant kominotè yo nan Bronx ak Brooklyn pou vaksine plis pase 3,800
moun nan wikenn sa a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon sit vaksinasyon an mas nan Estad Yankee a ki an devlopman atravè yon patenarya ant Eta New York, Vil New York, SOMOS Community Care, Gad Nasyonal New York la ak New York Yankees. Avèk pousantaj pozitivite Bronx lan ki aktyèlman nan anviwon 7.6 pousan, sit sa a pral rezève espesifikman pou rezidan Bronx yo. Enfòmasyon konsènan ouvèti sant lan ak pwosesis pwogramasyon an pral pibliye nan jou k ap vini yo.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse deplwaman dis twous vaksinasyon kominotè anplis pou kominote defavorize yo. Espesyalman, twous yo ap deplwaye nan kat Devlopman Lojman Moun Aje NYCHA yo, 2 sit lojman piblik nan Rochester ak Hempstead, ak twa legliz ak sant kominotè nan Bronx ak Brooklyn. Etablisman sit Estad Yankee a, ansanm ak deplwaman dis twous vaksinasyon kominotè sa yo, ranfòse efò Eta New York pou distribiye yon fason ekitab vaksen COVID-19 la nan kominote ke enstitisyon swen sante tradisyonèl yo mal sèvi.

Aprè deplwaman yo nan wikenn sa a epi pandan founiti vaksen federal la ap ogmante, New York pral kontinye deplwaye twous sa yo jiskaske yo etabli sit tanporè yo nan tout 33 Devlopman Lojman pou Moun Aje NYCHA (NYCHA Senior Housing Developments) yo ki loje plis pase 7,600 granmoun. Yo pral kontinye etabli tou lokal tanporè yo pral nan lòt konplèks lojman piblik yo nan tout Eta a, epitou nan plis pase 300 legliz ak sant

kiltirèl ki ofri tèt yo volontèman pou loje sit sa yo atravè Gwoup Travay sou Ekite Vaksen (Vaccine Equity Task Force) Gouvènè Cuomo a.

"Pozitivite COVID Bronx lan rete wo epi pou ede tounen li anba kontwòl, nou pral fè patenarya avèk Vil New York, SOMOS, Gad Nasyonal New York ak New York Yankees pou etabli yon sit vaksinasyon an mas nan Estad Yankee a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Reyalite enkontestab la sè ke COVID la te touye kominote nwa ak latino yo nan yon pousantaj ki pi wo pase kominote blan yo, epi Bronx pa te epaye. Ekite vaksen ak pwoteje kominote COVID la te frape pi di yo rete priyorite prensipal nou. Lè nou ouvri yon sit vaksinasyon an mas nan Estad Yankee a, n ap voye yon siyal klè bay rezidan Bronx yo: sa san danje, efikas epi se zam ki pral genyen lagè a, men n ap sèlman gen siksè si tout moun abò".

Majistra Vil New York la, Bill de Blasio te deklare, "Se egzakteman sa li pral mande nou pou defann COVID ak reyalize yon retablisman pou nou tout nan Vil New York. Mwen vle remèsye Yankees dèske yo leve kanpe ak travay ekip ki prezante isit la pou kontiye agrandi enfrastrikti vaksinasyon nou an nan katye yo nan vil la. Kanpay Vaksen pou Tout Moun nou an mete ekite devan ak nan sant, ak nouvo sit sa a pou sèvi Bronx esklizivman pral yon veritab kou sikwi".

New York Yankees te deklare, "New York Yankees onore pou patisipe nan patenarya sa a avèk Gouvènè Andrew Cuomo, Eta New York, Majistra Bill De Blasio, Vil New York ak SOMOS Community Care pou ouvri Estad Yankee pou bay vaksen ak moun Bronx yo. Yankees angaje pou fè tout sa ki nan pouvwa li pou bay sèvis nesese sa a pou konbat COVID-19 la".

Prezidan Egzekitif SOMOS Community Care, Dr. Ramon Tallaj, te deklare, "Pa sèlman pou Bronx, men pou tout New York, Estad Yankee a kanpe pou kominote a, pou lakay. Se yon plas kote nou gade kreyasyon ewo yo. Epi kounye a, pandan n ap prepare pou vaksine ewo nou yo, sila yo k ap viv nan distri a avèk pi gwo pousantaj pozitivite COVID, li reprezante espwa tou. Se yon gwo onè pou travay ak vil ak eta a pou vaksine rezidan Bronx yo nan moniman lokal sa a. Pandan plizyè ane travay ap trete Nouyòkè ki defavorize yo nan mete aksan sou swen prevantif, ak bay tès ak vaksinasyon pandan pandemi aktyèl sa a, rezo mwen an te demontre bezwen nesese pou sante kominotè ki kiltirèlman konpetan -- enpòtans pou resevwa swen esansyèl nan men doktè ou konnen ak konfyè, doktè ki pale lang ou, pataje istwa ou ak konprann kilti ou. Estad Yankee ofri menm konfò ak familyarite tankou nan resevwa swen nan men yon doktè ki te trete fanmi lokal yo pandan plizyè jenerasyon. Epi avèk yon deplwaman antrave akòz mefyans nan lopital, famasi ak vaksen yo, nou rekonesan ke Gouvènè Cuomo ak Majistra de Blasio rekonèt nesese vital pou doktè yo nan kominote a tankou nou menm konsevwa yon pwogram vaksen ekitab ki pote vaksen an nan katye a, pwoteje kominote koulè imigran ki gen revni fèb, ki te sipòte chòk COVID-19 la".

Majò Jeneral Ray Shields, Jeneral Adjwen New York lan, te deklare, "Gason ak fanm Gad Nasyonal New York la te ede konpatriyòt Nouyòkè nou yo batay kont

pandemi COVID la depi mas 2020. Nou vreman fyè pou ede nan objektif vaksinasyon masif Eta a. Nou aktyèlman gen plis pase 2,500 Sòlda Gad Nasyonal New York ak Avyatè an sèvis nan tout Eta a k ap travay pou kanpe pandemi an ak ede kominote nou yo tounen nan nòm al".

Etablisman sit vaksinasyon sa yo itilize twous vaksinasyon kominotè New York ki te posib atravè patenarya avèk SOMOS, Northwell Health, SUNY Stony Brook ak Trillium Health: Dis sit yo sitiye nan adrès ki anba yo:

Brooklyn

Carey Gardens

2315 Surf Avenue

Brooklyn, NY

Ouvri samdi 30 janvye ak dimanch 31 janvye - 9AM-5PM

Kingsborough Extension

447 Kingsborough 4th Walk

Brooklyn, NY

Ouvri dimanch 31 janvye - 9AM - 5 PM

Legliz Batis Cornerstone (Cornerstone Baptist Church)

574 Madison Street

Brooklyn, NY

Ouvri lendi 1ye fevriye - 9 AM-5PM

Gods Battalion of Prayer

661 Linden Boulevard

Brooklyn, NY

Ouvri lendi 1ye fevriye - 9 AM-5PM

Bronx

Latino Pastoral Action Center

14 West 170th Street

Bronx, NY

Ouvri vandredi 29 janvye; Samdi 30 janvye ak lendi 1ye fevriye - 9AM-5PM

Edenwald Houses

1145 East 229th Street

Bronx, NY

Ouvri samdi 29 janvye ak dimanch 31 janvye - 9AM-5PM

Bronx River Addition

1350 Manor Avenue

Bronx, NY

Ouvri samdi 29 janvye rive lendi 1ye fevriye - 9AM-5PM

Bartow Community Center
2049 Bartow Avenue
Bronx, NY
Ouvri samdi 29 janvyè rive lendi 1ye fevriye - 9AM-5PM

Hempstead

Kennedy Memorial Park Senior Housing
335 Greenwich Street
Hempstead, NY
Ouvri samdi 30 janvyè - 10AM-2PM

Rochester

Seneca Towers Housing Complex
200 Seth Green Drive
Rochester, NY
Ouvri samdi 30 janvyè - 10AM-5PM

Deplwaman Twous Vaksinasyon Kominotè ki pwolonje sa a fè avanse objektif Gouvènè Cuomo pou asire distribisyon jis ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Pwokirè Jeneral Letitia James, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout eta a.

Pou fasilite efò sa a, New York te kontinye etabli twous epi li travay avèk ofisyèl lojman pilblik yo, legliz yo, ak sant kominotè yo pou sipòte efò sa yo epi pou deplwaye twous yo nan kote ki apwopriye yo. Chak twous gen ladan enstriksyon etap pa etap sou fason pou etabli yon sit, ak founiti ak ekipman esansyèl tankou:

- Founiti Biwo
- Ekipman pou Pòs Travay
- Ekipman Kominikasyon yo
- Founiti Netwayaj yo
- Ekipman Ekleraj
- PPE
- Ekipman Kontwòl Foul/Sikilasyon
- Flakon
- Sereng
- Separatè Pyès
- Rido pou Vi Prive

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)